




# FEED THE FUTURE

The U.S. Government's Global Hunger & Food Security Initiative


## CHITAGUTAPADARE/MAMUNYE (ARMOURED BUSH CRICKET) - NZIRA DZEKURWISA NEKUDZVIRIRA KUWANDA KWETUPUKANANA

### Chitagutapadare/Mamunye



- Chinowanikwa munyika ino uye chakatangira muno
- Chinokasika kuwanda
- Chinowanikwa munzvimbo dzakaoma kana dzisinganayi mvura pamwe nedzinonaya mvura shoma.
- Chinowananzofarira mapfunde nezviyo
- Chinokuvadza zvirimwa zvakananyanya

### Unokwanisa kuchiona sei?




- Chakareba 5 cm
- Chine tunyanga turi mumusoro twakareba uye tunofamba-famba twuchida kunzwa zvachikomberedza.
- Hachibhururuki
- Chinowanikwa paruvara rwebhurawuni (rwemashizha akawoma) kana rwegirini (rwemashizha manyoro).
- Dzimwe nguva chine ruvara rwutema kana rwutsvuku.

### Rangarira kuti kukasika kuchiona zvinoreva kuti munokasika kudzivirira

## NZIRA DZEKUDZIVIRIRA KUWANDA KWETUPUKANANA

### 1. Kudzivirira



- Dyarai nekukasika nemvura yekutanga kuti mudzikise mikana yekurasikirwa nezvirimwa kana tupukanana tukatekeshera.
- Kana zvichikwanisika, cherai gomba rakadzika 40-50 cm uye rakapamhamha 40-50 cm munzvimbo dzakatenderedza munda wenyu - zvitagutapadare zvinodonhera imomo zvatadza kubuda
- Ongororai munda wenyu kaviri kana katatu pavhiki kuti mucherechedze kuti zvitagutapadare zavemo here
- Chinangwa ndechekukasika kuona kuti pane zvitagutadare zvidiki zvavepo here pamwe nekuzviuraya kana zavemo
- Rambai muchitarisa kuti zvavepo here uye ongororai mashizha kuti hapana akuvadza here



- Kana paine pakuvadza nezvitagutapadare kana kuti mukaona zvitagutapadare zvisihoma, zivbisei nemaoko enyu mozvitswana (pfekai magirovhosi nekuti zvinoruma)
- Kana zvati wande, shandisai mishonga inozviuraya
- Shandisai mishonga ine Neem pakuuraya zvitagutapadare
- Firitai zvirimwa zvenyu kuti mukwanise kuuraya zvitagutapadare
- Kukasika kuzviona nekushandisa mishonga inouraya tupukanana kunodzivirira kurasikirwa nezvirimwa kana mari



**USAID**  
FROM THE AMERICAN PEOPLE

Chinyorwa chino chakagadzirwa kuburikidza nerubatsiro kubva kuvanhu vekuAmerica pamwe chete nerutsigiro rwemari kubva kusangano re Feed the Future nere USAID

### 3. Nzira dzekudzivirira - Gomba rinochengetedza munda



### 4. Kushandisa mishonga inouraya tupukanana nenzira isina njodzi




Tengai mishonga kubva kune vanotengesa mishonga zviru pamutemo uye tevedzerai zvakanyorwa pamushonga



Pfekai zvekuzvidzivirira kana muchifirita



Firitai mangwanani kana manheru



Musarambe muchishandisa mushonga mumwe chete asi shandisai yakasiyana-siyana. Rasai zvigubhu kana mabhotoro anenge apera mishonga nenzira dzakarairwa zvisingazokuvadze vanhu kana zvipfuyo.